

24 Mas, 2020

Gradyasyon; Asanble Jeneral MD; Asistans Federal

Chè Kominote Inivèsite Maryland,

Yè, Gouvènè Hogan te anonse tout biznis ki pa enpòtan ki nan Maryland dwe fèmen epi li te raple nou tout nan menm panye. Nou dwe kontinye respekte mezi prevansyon yo epi distans sosyal, si nou vle frennen pwopagasyon pandemi sa.

Gradyasyon Prentan 2020 an

You nan enpak pi defavorab COVID-19 la genyen se sou gradyasyon. Pa gen yon seremoni akademik mwen plis renmen pase pou mwen felisite diplome yo dèske yo ap resevwa diplòm UMD yo a, epi swete yo siksè pandan y ap kòmanse ak yon lòt chapit nan lavi yo.

Nan lèt kanpis mwen an semèn pase a, mwen te ekri "p ap gen gradyasyon an pèsòn pou prentan 2020 an sou kanpis la." Men se pa tout koze a sa.

Chanselye Sistèm Inivèsite Maryland lan te anonse deja "enstitisyon USM yo p ap fè seremoni gradyasyon an pèsòn sou kanpis la" nan prentan 2020 an, pou respekte lòd Gouvènè a te bay 12 Mas la ki di "yo entèdi evènman ki gen plis pase 250 moun yo tout kote" epi yo dwe anile oswa ranvwaye jiskaske yo anile deklarasyon "eta ijans" ki te fèt 4 Mas la.

Se ak anpil regrè nou te anile seremoni ki t ap fè 22 Me a, epi mwen vle asire Pwomosyon 2020 an Inivèsite a pral fè tout sa k nan posibilite li pou onore epi komemore reyisit akademik ou nan yon seremoni y ap fè sou plas, konsa fanmi w, zanmi w, pwofesè yo, epi manm estaf la kapab patisipe nan bèl okazyon sa a. Anplis n ap panse reyalize yon seremoni vityèl pou komemore 22 Me a. Dwayèn Mary Ann Rankin ap dirije yon gwoup planifikasyon epi ap ransanble kòmantè nan men elèv k ap gradye yo. Nou prevwa anonse plan yo nan de (2) semèn konsa.

Mwen eskize mwen pou tout enteripsyon elèv yo, gwoup pwofesè yo, epi manm estaf la ap sibi nan vi chak jou yo nan trimès sa a. Gen anpil bagay yo anile oswa ranvwaye poutèt COVID-19 la, men pran swen youn lòt pa nan lis la. Mwen apresye sakrifis nou te fè yo ak solidarite nou te pote pandan kriz sante piblik sa a. Tanpri kontinye panse epi priye pou manm yo ki nan kominote nou an ki deja kontamine, oswa ki riske kontamine nan viris sa a.

Asanble Jeneral 2020 Maryland

Depi Gè Sivil la Asanble Jeneral pa te janm ajoune avan lè konsa. Ane sa a, lejislètè yo te fini ak travay byen rapid poutèt rezon sante piblik la.

Asanble Lejislatif la ak Gouvènè a rezève yon minimòm 160 milyon dola pou reponn ak epidemi a nan ane fiskal ki ap vini a epi mete yon fon ijans disponib kounye a.

Bidjè a an jeneral demontre yon sipò konstan pou edikasyon siperyè piblik. Bidjè fonksyonman ap pral pèmèt nou fè ekilib la, sa k ap pèmèt nou kenbe depans chak jou yo ki nesèsè yo. Pou kontinye kenbe edikasyon abòdab, li limite frè ekolaj nan-eta a 2%. Li enkli yon ogmantasyon 2% pou depans pou viv pou tout anplwaye eta yo, k ap kòmanse nan mwa Janvyè k ap vini a.

Fon bidjè investisman an finansse konstriksyon kontinyèl nouvo edifis Chimi ak Byochmi a epi nouvo edifis Fakilte Politik Piblik la. Dènye a a posib gras ak finansman filantwopik adisyonèl ak sibstansyèl. Anplis bidjè investisman an bay resous pou reparasyon oswa modènizasyon kèk edifis ki egziste deja ak enfrastrikti kanpis la.

Asanble Jeneral la renouvle Inisyativ E-Nnovation Maryland lan. Yo fè li pou ankouraje rechèch debaz ak aplike yo nan plizyè domèn, li bay sibvansyon piblik ki koresponn pou rekrite epi kenbe pi bon pwofesè ak chèchè yo. Jiskaprezan, pwogram sa a pèmèt Inivèsite yo jwenn finansman pou 11 prezidan fakilte.

Anplis lejislasyon yo vote pwojè lwa pou:

- Ogmante finansman pou Sant Devlopman Ti Biznis (Small Business Development Center) Maryland lan, Inivèsite a jere nan kad misyon jwenn sibvansyon pou avanse devlopman ekonomik. Sant sa a fòme pwopriyete ti biznis epi ede yo jwenn finansman ki nesese yo. Travay sa a pa t ap kapab pi enpòtan nan moman sa a, lè plizyè ti biznis gen difikilte nan kè restriksyon sekirite pou frennen pwopagasyon kowonaviris.
- Pèmèt li pi fasil pou jwenn kondanasyon pou yon krim rayisans, lè yo pa mande pousuit jidisyèl pou pwouve rayisans te sèl rezon krim lan. Yon nonmen li apre 2yèm Lyetnan Richard Collins III. Yo pral anonse plan inivèsite a pou onore ak komemore eritaj Lyetnan Collins la nan yon dat kote tout moun pral jije ki plis apwopriye.
- Rezoud yon pwosè ki la lontan nan non kat (4) kolèj ak inivèsite istorik moun nwa Leta yo (historically black colleges and universities, HBCU), nan objektif pou dedomanje yo pou pratik enjis ki te pase ki te penalize enstitisyon sa yo. Lwa a prevwa ogmante finansman pou HBCU yo pou yon peryòd tan dis (10) lane.
- Aplike rekòmandasyon Komisyon Kirwan sou Inovasyon ak Ekselans nan Edikasyon, ki gen objektif pou pote amelyorasyon enpòtan nan lekòl piblik Eta yo sòti nan preskolè pou rive nan 12yèm ane.

Pou kounya, nou poko konnen sa k pral pase ak finansman HBCU a epi lwa Komisyon Kirwan lan. Nou pa konnen non plis ak kisa bidjè Eta a pral sanble nan otòn k ap vini la, akòz ensètitid sou resèt fiskal yo ak ogmantasyon depans ki lye ak pandemi a.

Mwen remèsye Administrasyon ak Asanble Jeneral la pou repons yo ak kriz sante piblik la epi pou sipò dirab ak edikasyon siperyè epi enstitisyon prensipal lan. Anplis mwen vle rann omaj ak tout defansè UMD yo nan Annapolis: Responsab USM yo; manm estaf ki responsab ak gouvènman eta a; gwoup pwofesè yo, estaf, elèv, ak administratè yo; Asosyasyon Ansyen Elèv yo; ak Konsèy Administrasyon Fondasyon UMCP yo.

Asistans Federal ane 2020 pou Elèv ak Enstitisyon yo

COVID-19 la seryezman deranje lavi elèv yo, gwoup pwofesè yo, ak estaf la; fonksyonman enstitisyon an; ak finansman etablisman yo, nan tout aspè edikasyon siperyè yo.

Gouvènman Federal la ap travay sou yon plan relanskowonaviris pou relanse ekonomi a nan antisipasyon yon resesyon ekonomik. Kidonk, Konsèy Edikasyon Ameriken an, ansanm ak lòt asosyasyon edikasyon siperyè (epi UMD se yon manm nan òganizasyon sa yo), te mande 50 milya dola asistans federal nan kad plan relans.

Li tap bay (1) asistans ijans pou elèv, tankou sibvansyon dirèk; (2) sipò pou enstitisyon yo pou kouvri pèt yo ak ogmante depans yo poutèt COVID-19 la; (3) sipò pou laboratwa rechèch gouvènman federal la finanse nan kanpis yo, ki dwe kanpe kounya epi rekòmanse fonksyone aprè; ak (4) finanse tranzisyon edikasyon distans lan. Aksè ak fon federal yo tap bay soulajman a presyon ki gen sou bidjè eta yo ki pral redi pandan yon kriz finansye. Manm estaf estrawòdinè relasyon gouvènman federal nou yo ap sipòte li, n ap revandike pou nou jwenn asistans sa a ak manm delegasyon nou yo nan kongrè a.

Pou fini, mwen vle remèsye nou ankò—chak grenn moun apa—paske ou te fè pati nan fanmi Terp la; pou tan ou, jefò ou, ak devouman ou pou sèvi kominote Inivèsite nou an; epi pou pran swen youn lòt. Ale an byen epi pwoteje tèt ou

Sensèman,

Wallace D. Loh
Prezidan, Inivèsite Maryland